

Fè 5 Ak Dwèt

Jwè 1+



Laj 4+



5-10 min

OBJEKTIF

Pou montre 5 avèk de men.

MATERYÈL

Men



VOKABILÈ

An tou
Konbyen anplis
Retire
Elimine

KESYON

Konbyen lòt dwèt nou bezwen pou fè 5?

KÒMAN POU JWE

1. Kenbe men ou dèyè do ou.
2. Di, "Ann travay ansanm pou leve 5 dwèt antou. Mwen pral leve kèk dwèt. Koulye a, ak men nou, leve rès dwèt yo pou fè 5 an tou."
3. Avanse yon men pi devan epi leve 2 dwèt.
4. Mande, "Konbyen dwèt mwen leve? Konbyen lòt dwèt nou bezwen pou fè 5?"

5. Tann timoun yo leve 3 dwèt.
6. Di, “Wi! Mwen leve 2 dwèt, e 3 lòt dwèt fè 5! Youn, de, twa, kat, senk. Senk dwèt.”
7. Mete men ou dèyè do ou. Kontinye jwe avèk diferan konbinezon dwèt.



KONSÈY POU JWE

- Jwè yo ka fè nimewo diferan ki pa 5. Yo ka fè konbinezon 3 oswa 4, oswa si timoun yo pare pou plis defi, yo ka fè nimewo jiska 10.
- Si timoun yo pare pou nimewo ki plis pase 10, ou ka mande yon zanmi pou prete men yo pou fè nimewo jiska 15 oswa 20.
- Pou pratike soustraksyon nimewo, ou ka mande timoun nan pou l leve 5 dwèt pandan w ap leve mwens pase 5 dwèt, epi answit mande, “Konbyen dwèt ou bezwen pran pou w jwenn kantite dwèt mwen?”

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a konsantre sou konpozisyon nimewo—konnen ke de nimewo ki pi piti fè yon nimewo ki pi gwo. Sa a se fondasyon adisyon ak soustraksyon. Nan jwèt sa a, timoun yo ap ajoute ansanm kantite dwèt yo te leve sou de men yo.
- Li enpòtan pou timoun yo rekonèt ke yon kantite yo bay ka reprezante nan diferan fason—ak dwèt, chif, pwen nan konfigirasyon diferan, ak plis ankò. Gen abitud jwe ak nimewo nan plizyè fòm ede ranfòse konsèp sa a.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Fè 5 Ak Dwèt*.